



SIPÈVIZÈ ELEKSYON, KONTE MIAMI-DADE, FLORID

RÈGLEMEN SOU DEMANN BILTEN VÒT POU VOTE PA LAPÒS

Pou fè swivi bilten vòt pou vote pa lapòs ou an ale sou sit entènèt nou an <http://www.miamidade.gov/elections/voter-information.asp>.

Nenpòt votè enskri ki elijib pou vote nan yon eleksyon kapab fè demann pou yon bilten vòt pou vote pa lapòs nan fason swivan yo. Y ap asepte demann yo pou yon eleksyon pa pi ta ke 5 pm nan 6yèm jou anvan eleksyon an.

- SOU ENTÈNÈT/PA IMEL/PA FAKS** - Yon demann bilten vòt pou vote pa lapòs gen dwa fèt sou entènèt, tanpri ale sou: <http://www.miamidade.gov/elections/voter-information.asp>, pa imel nan votebyemail@miamidade.gov oswa pa faks nan 305-499-8401. Tanpri pa bliye mete enfòmasyon swivan yo nan demann ou an:
 - Non votè a ekri an lèt detache
 - Adrès rezidans aktyèl
 - Dat nesans
 - Nimewo enskripsyon votè a (pa obligatwa)
 - Dat eleksyon oswa eleksyon yo pou ki w bezwen yon bilten vòt pou vote pa lapòs
- PA TELEFÒN** - Yon demann bilten vòt pou vote pa lapòs gen dwa fèt pa telefòn. Tanpri rele 305-499-8444 pou mande bilten vòt pou vote pa lapòs ou an. W ap bezwen bay enfòmasyon sa yo:
 - Tout non votè a
 - Dat Nesans
 - Adrès rezidans aktyèl
- ALEKRI** - Yon demann bilten vòt pou vote pa lapòs gen dwa fèt alekri. Demann alekri yo **fèt** pou enkli enfòmasyon swivan yo:
 - Non votè a ekri an lèt detache
 - Adrès rezidans aktyèl (Si adrès kote pou poste bilten vòt la diferan de adrès elektè a ki nan dosye Sistèm Enskripsyon Votè Florid la, demann nan dwe fèt alekri epi elektè a dwe siyen li).
 - Dat nesans
 - Nimewo enskripsyon votè a (pa obligatwa)
 - Dat eleksyon oswa eleksyon yo pou ki w bezwen yon bilten vòt pou vote pa lapòs
 - Siyati votè a
- AN PÈSÒN** - Lè yon demann bilten vòt pou vote pa lapòs ap fèt an pèsòn, se pou prezante yon kat didantite ki gen foto, non ak siyati votè a.
- LIVRE BAY REPREZANTAN VOTÈ A** - (*Yon limit de (2) bilten vòt pou chak eleksyon, sèlman youn ladan yo ki kapab pou yon votè ki pa mari/madanm, paran, pitit, granparan oswa sè/frè reprezantan an*). Si yon reprezantan se yon fanmi pwòch votè a, li kapab ale pran yon bilten vòt pou vote pa lapòs nan Depatman Eleksyon Miami-Dade, **2700 NW 87th Avenue, Miami, FL 33172** (oswa nan Biwo Sikisal Depatman Eleksyon an ki chita nan Lobi Stephen P. Clark Center, **111 NW 1st Street** pou eleksyon pou tout konte a), lavèy jou eleksyon ak nan jou eleksyon an menm. Si reprezantan an se pa yon fanmi pwòch, se nan jou eleksyon an sèlman li gen dwa reklame bilten vòt la. Reprezantan votè a dwe ranpli yon afidavi, ki disponib sou sit wèb nou an nan www.miamidade.gov/elections, ki di reprezantan an gen otorizasyon votè a pou li remèt bilten vòt votè a epi li dwe endike ki relasyon li genyen ak votè a. Se pou reprezantan an prezante yon kat didantite ki gen foto li epi yon demann **alekri** votè an avèk enfòmasyon sa yo:
 - Non votè a ekri an lèt detache
 - Nimewo telefòn votè a lajounen
 - Dat nesans votè a
 - Nimewo enskripsyon votè a (pa obligatwa)
 - Dat eleksyon oswa eleksyon yo pou ki w bezwen yon bilten vòt pou vote pa lapòs
 - Non moun k ap vin chèche bilten vòt pou vote pa lapòs la
 - Si votè a se yon fanmi pwòch reprezantan an, rezon pou ki votè a bezwen yon lòt moun vin chèche bilten vòt pou vote pa lapòs la
 - Si votè a se pa yon fanmi pwòch reprezantan an, se pou reprezantan an bay yon deklarasyon alekri ki gen siyati yon doktè sou papyè ofisyèl doktè a ki di se pou rezon medikal votè a oswa depandan votè sila a, ki fè votè a pa kapab vin vote nan biwo vòt la epi pa kapab vin chèche yon bilten pou vote pa lapòs an pèsòn
 - Siyati votè a

Atansyon: Si moun k ap fè demann lan se pa votè enskri a, moun sa a fèt pou se yon fanmi pwòch oswa gadyen legal votè a epi bay non li, adrès li, sa li ye pou votè a, siyati li (demann alekri sèlman), ak nimewo pèmi kondwi li (si li disponib).

Seksyon 12-14 nan Kòd Konte Miami-Dade la prevwa sanksyon pou moun ki vin chèche ak/oswa remèt bilten vòt pou vote pa lapòs san otorizasyon pou yo fè sa kòm reprezantan.